ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№173 (22.581) • 2013 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 6, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Щэнхабзэ IэнатIэхэр

къызэхикIухьащ КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен

Абы кьинщытащ Налшык кьалэм щэнхабзэмкIэ и Iуэхущ1апIэхэм я щытыкIэр.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм Правительствэм кьалэн щищIащ Музыкэ театрыр зыхуей хуэгъэзэным теухуа лэжьыгъэхэр мы гъэм зэфIигъэкIыну, абы хухаха сом мелуан 50-р тэмэму кьигъэсэбэпыну, Театрхэм я уардэр унэм и тепIэм ехьэлIа лэжьыгъэхэр и кIэм нагъэсын папщIэ мыльку кьигъэутыну.

Апхуэдэу Къанокъуэ Арсен пщэрыльрыз ящищIащ «Налшык» Курзалыр зэрагъэпэщыжьын икIи лажьэу яутIыпщын папщIэ зыхуеину сом мелуан 60,9-р 2014 гъэм КъБР-м и бюджетым кьыщагъэлъэгъуэну. «КъэкIуэну гъэр Урысейм щагъэуваш Щэнхабзэм и илъэсу. Гъэмахуэм ирихьэлIэу Курзалыр ягъэхьэзырын хуейщ артистхэр щылэжьын хуэдэу», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэныгъэм щытрагъэкIуадэр къэкIуэну зэманым хуолажьэ

ФокIадэм и 1-м къару егъуэт «УФ-м зэрыщрагъаджэм и Iуэхуки1э» законыщIэм. Абы Урысейм егъэджэныгъэмкIэ и системэм и Iуэхугъуэ зыбжанэ, кьащытэмэ, егъэджэныгъэмкIэ Iуэхущ1апIэхэр зэрызэхагъэкI щIыкIэр, кууэ екъуэж, егъэджэныгъэм и Iуэхугъуэщ1эхэр, егъэджэныгъэмкIэ программэхэм я классификацэр еубзыху.

Къуаншагъэ илэжьа - Iуагъэкl

Къэралым и щIыналъэхэм кьапэщытащ а Iуэхум егупчуу зыхуагъэхьэзырыну: бюджетым и лъэныкъуэкIэ кьабгъэдэхуэ полномочиехэм, щIыналъэм и экономикэ, лъэпкъ, демографие кьыхэщхьэхуэкIыныгъэхэм ятещIыхьауэ хабзэ мардэхэм хэплъэжыну, абыхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну е кьару ямыIэжу кьалытэну, егъэджэныгъэм пыщIа Iуэхуэхэр зэблэзыгъэкI законыщIэхэр кьащтэну. Къэбэрдей-Балъкъэрым икъуэкIэ егупчуу зыщыхуагъэхьэзыращ федеральнэ законыщIэм кьару щигъэтыну зэманым. Егъэджэныгъэм и Iуэхур КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен и нэIэм хэхуэу щIигъэтщ икIи мы Iэнатlэм абы тэмэмагъ хельхьэ. Кьапщтэмэ, 2013 гъэм Зыуэ щыт кьэрал экзаменхэр кьыIаха ноужь кьащта унафэ ткIийм кьигъэлъэгъуащ мыхьумыщIагъэхэр яшэныну властым и лэжьакIуэхэм зэрамымурадыр.

Россобрнадзорым кьыщIигъэщ мыхьумыщIагъэхэр куу-уэ зэпкърахащ. Абы ипкъ иткIэ жэуапым ирашэлIащ зи кьулыкъуэкIэ зэхуэмыдэ цIыху зыбжанэ. ИрагъэкIуэкIа кьэпщытэныгъэхэм кьагъэлъэгъуахэм япкъ иткIэ, я Iэнатlэхэм Iуагъэкlащ КъБР-м Зыуэ щыт кьэрал экзаменхэр щегъэкIуэжыныжмкIэ жэуап зыхь кьулыкъущIэхэр. Кьанокъуэ Арсен кьигъэуващ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм егъэджэныгъэм и Iэнатlэм кIэлъыплъыныжмкIэ и департаментым и унафэщIыр жэуап ткIийм ирашэлIэну икIи ар и кьулыкъум Iуагъэкlащ. Апхуэдэу трагъэкlащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и щIэныгъэ зыщIа Iуэхуэхэм кIэлъыплъыну зи пщэ кьыдэхуэр. Министрым выговор ткIий иратащ. Абы кьалэн щащIащ егъэджэныгъэм и Iуэхущ1апIэ псоми я унафэщIхэр зыпэрыт кьулыкъухэм зэрахэучащэр фокIадэм и 1-м нэсыху щIипщытыкIыну.

МардэщIэхэм тету

ИкIэщIыпIэкIэ зэфIэгъэкIын хуей кьыкIэлъыкIу Iуэхуу республикэм и Iэтащхьэм кьигъэуващ сабий садэхэр дяпэкIэ зэпэуфыдауэ щымыгъэтыжьыныр. ЩIэныгъэхэм я махуэм хуэзэу Къэбэрдей-Балъкъэрым Iуэху гуфIэгъуэ кьыщыхьунущ - и бжэр сакьыжьащ. Абы щыIуэ 550-рэ щIэхъунущ.

(КIэухым 2-нэ нап.).

● Дыгъуасэ

Адыгэ щIалэгъуалэр Налшык щохьэщIэ

Тыркумрэ Иорданиемрэ я хьэрычэтыщIэ ныбжьыщIэхэр дыгъуасэ Налшык къебгъэгъащ. Абыхэм я апэ зэIущIэр щекIуэкIащ «Синдика» хьэщIэщым.

Я мурад-гупсысэхэм щIэдэIуну, я упщIэхэм жэуап иритыну щIалэгъуалэм яIуащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд. Зэхьихьэм хэтащ КъБР-м щIыхуб хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин.

Хэкум кьыззрыкIуэ визэхэм, Сочэ етIанэгъэ щекIуэкIыну Олимпиадэм, Сирием мы зэманым щекIуэкI зауэм, щIэныгъэм, адыгэ лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэжьну Iуэхуэхэм - куэд хьурт хьэщIэхэр зытепсэлъыхьамрэ зыщIэупщIамрэ. А псом фыщигъэгъуэзэнущ ди газетым и кьыкIэлъыкIуэ кьыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Кучинэ Марие и текIуэныгъэ

Франджым и Руан кьалэм щекIуэкIащ атлетикэ псынщIэмкIэ «Meeting International de Sotteville» дунейпсо зэхьэзэхуэ. Тренер Габриэлян Геннадий и гъэсэн ди спортсменкэ Кучинэ Марие метр 1,92-рэ гъагъэгъыр кьищтэри, зэпеуэм и дыщэ медалыр кьихьащ.

КОМАНДЭ зэпеуэу екIуэкIа а зэхьэзэхуэм дэтхэнэ кьэралми кьыбгъэдэкIыу спортсменитI - зы цIыхубзрэ зы цIыхуэхъурэ - хэтащ. Зэхьэзэхуэм кьрихьэлIащ США-м, Италием, Франджым, Германием, Урысей Федерацэм, Украинэм, Балканхэмрэ Европэ Ищхьэрэмрэ я гуп кьыхэхантI. Псори зэхэту команди 8. Командэ зэхьэзэхуэм, ильэс ипэкIи хуэдэу, Урысейм и гуп кьыхэхам етIуанэ увыпIэр кьыщихьащ, США-м и командэр ятэ иригъэщри. Америкэм и спортсменхэм очкои 137-рэ, Урысейм и командэ кьыхэхам очкои 121-рэ кьалэрыхьащ, ещанэр Франджым и спортсменхэу очкои 118-рэ кьэзыхьахэрщ.

УАРДЭ Жантинэ.

● Хъыбар гуапэ

Дунейм щыхъыбархэр

Я Iуэху еплъыкIэхэр зэтемыхуэми

G20 зэIущIэм США-м и президент Обамэ Барак къэкIуэным мужьей зэманым щэч кьытраха1ами, абы и къэхъыльэтэр дыгъуасэ Санкт-Петербург кьыщетIысэхащ.

УФ-м и Президент Путин Владимир щхьэхуэу IуущIэныр абы и мурадхэм хэмыхьэми, ахэр зэхуэзэну дунейм кьыщыхъухэм, Москвэрэ Вашингтонрэ я Iуэху еплъыкIэхэр щIызэтемыхуэ куэдым тепсэлъыхьыну кьалъытэ.

«ЗэIущIэшхуэм и пэ кьихуэу Путин Владимир жиIащ америкэ президентым хуэзэу Iэщэхэр гъэмэщIэным, дунейпсо экономикэм, Сирием, КНДР-м, Ираным я Iуэху зыIутхэм тепсэлъыхьыну зэрыщыгугъыр», - кьыхихгъэщащ ди кьэрал унафэщIым и дэIепкъуэгъэу Ушаков Юрий.

Къэрал тIощIым я унафэщIхэм я зэIущIэм кьриубыдэу Обамэ нобэ и мурадщ урысей жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм яIуащIэну. УФ-м и Президентым и деж цIыхухэм я хуитныгъэхэмкIэ щыIэ советым хэт зыбжани ирагъэблагъащ а зэхьихьэм. Обамэ апхуэдэ гукъыдэж зэрищIам ущIэмыварэзыни, фIэгъэнапIэ пщIыни зэрыхимыльагъуэр журналистхэм кьажриIащ Путин Владимир.

Ашхабадрэ Пекинрэ я зэгурыIуэныгъэщIэ

КНР-мрэ Тыркуменыстанрэ я унафэщIхэу Си Цзиньпинрэ Бердымухамедов Гурбангулырэ Iэ щIидзащ Китайм газ зэрыкIуэну бжьамиищIэ ящкъуэдиныи тепхуа зэгурыIуэныгъэм.

«А бжьамиим Iэмал кьыдитынущ илъэсым кьриубыдэу а къэралым газу дгъакIуэр кубометр мелард 25-кIэ нэхъыбэ тщIыну, - жиIащ Бердымухамедовым. - Псори зэхэту илъэсым газ кубометр мелард 65-рэ а къэралым етщэнущ дяпэкIэ».

Тыркумэн - Узбекистан - Таджикистан - Кыргызыз - Китай гъэзэгуанэр зэпызычыну бжьамиищIэм иргъэхъуэну газыр кьыщыщIащынур Галкныш щыIпIэрщ. Абы лэжьэн зэрыщIидзэм мэлъыпIпIащ къэралитIым я унафэщIхэр.

Благъуэ нэрымылъагъум и Iэужь?

Екатеринбург зыIус Исеть псым благъуэ хэпщIыхьу зэралъэгъуным и хьыбар тхьэмахуэ кIуам кьатауэ щытащ.

А щIыпIэр зыхуэзэр кьалэм и циркым пэжьжьэтэкъыми, а Iуэхущ1апIэм и унафэщIэхэм занщIэу хьэхбар иратащIат, ауэ абы щIыгъ благъуэхэм ящыщ зыри мыкIуэдауэ кьыжраIащ полицэм и лэжьакIуэхэм. Ар эйр, а псэущхьэ щынагъуэр а щIыпIэм кьыззрыщIыхута щIыкIэр зэхагъэкIын ипэкIэ ешыр икIэщIыпIэкIэ кьэгъуэтыжьын хуейти, Iуэхум яужь ихьа щхьэкIэ, ар кьайхьулIакъым.

Иджы бдзэжьей куэд дыдэ лIауэ Исеть и Iуфэми кьыззрыIуихьам, псыми хэпIу зэралъэгъуэм игъэгузэващ кьалэдэсхэр. Ар благъуэм и Iэужьу хуагъэфащэ щIыхухэм.

Iуэхум и пэжьпIэр зыми ищIэркъым. Уеблэмэ, абы нэсащи, благъуэм Екатеринбург и уэрамхэм кьыщикIухьу ирихьэлIауэ зэхуатх интернеткIэ. Хуэзыгъэфащи щыIэщ щIыхукъм ядэгушыIэн щхьэкIэ ар зыгурым къигупсыса тепIэзгъуэу. Ауэ благъуэр япIэгъащ полицэм и гъэзугупIыр кьулыкъущIэхэм. Ауэ, дауэ мыкъуами, Iуэхур зэхэкIыху щIыхуэр сакьыну кьыхураджащ кьалэ унафэщIхэмрэ полицэмрэ.

НОБЭ

◆ **Шэшэн Республикэм щагъэлъапIэ Щ1ыхуб зэакъыпагъуныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ я махуэр**

◆ **Болгариием и зэкъуэтыныгъэм и махуэщ**

◆ Илъэси 185-рэ ирокъу Урысейм и Альфэдымрэ дипломатиэ зэхущытыкIэ яIэ зэрыхьурэ.

◆ 1939 гъэм Налшык щыгъэжапIэ кьыщыщIэуахащ.

◆ 1942 гъэм ВЛКСМ-м и обкомым республикэм и щIалэгъуалэр кьыхуриджащ нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм ялъэкI псомкIи япэщIэувэну.

◆ 1991 гъэм Лениноград кьалэм и цIэр Санкт-Петербургыу зэрахъуэкIащ.

◆ 2001 гъэм Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэкIуащ.

◆ КъБР-м щIыныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щэрдан Анатолэ** и ныбжьыр ильэс 63-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэцых тIэкIу кьыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 22-рэ, жэщым градус 13 - 15 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Мариинэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Фызым еуэр лIы мыхъущи, хъуэр зымыдэр лIы делэщ.

Iулъхьэ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманым фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ

8 (8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкIэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэныгъэм щытрагъэкIуадэр къэкIуэну зэманым хуолажьэ

(КIэухмэ. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

2015 гъэм нэсыху республикэм щагъэзэщIэну я мурадщ егъэджэныгъэм екъэIа проект зыбжанэ. Иджыпсту Лэскэн районым щыщ Урыху къуажэм и школымрэ Прохладнэ къалэм дэт школ №8-мрэ къагъэщIэрэщIэж, Аруан къуажэм сабийуэ 185-рэ зыщIэхуэну еджапIэ дащIыхь. Щэрэдж районым щыщ Жэмтхьалэ Ипщэ къуажэм сабий 320-рэ зэкIуэлIэн курыт школ дэщIыхьным сом мелуан 77-рэ щыхуахащ республикэм и инвестицэ программэ пыухыкIан.

Школхэмрэ сабий садэмрэ къэгъэщIэрэщIэжьым, ухуэным къыдэкIуэу, КъБР-м и унафэщIхэм гульытэ хэха хуащI пщIыдзэ щIэныгъэ зэрырагъэгъуэт мардэщIэхэр зэтегъэувэным. Апхуэдэ мардэщIэхэр республикэм и щIыналъэм 2010 гъэ лъандэрэ къыщагъэсэбэн. ИрагъэкIуэкIа гъэунэхуныгъэхэм къарикIуахэр тэмэму кьалъытащ, абы къыхэкIыу иджы и апхуэдэ мардэхэмкIэ ирагъэджэнэуп КъБР-м и пэщIдзэ классхэм щIэссабийхэм я процент 80-м нэблагъэр.

Мардэщ Iэхэр къагъэсэбэн папщIэ школхэм я инфраструктурэри ирагъэфIэкIуэн хуей хъуащ. Дыз эрыт ильэсыр ихухьу иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщынчэ пэщIэдзэ классхэм я кабинету миным нэблагъэ.

- Апхуэдэ зэхъуэкIныгъэ хъарыпэхэр къыщежьар дыгъуасэкъым. Iуэхуэр сфIакIуэу зэрыхуеежьар дэ идохьэлIэ Къаночкуэ Арсен республикэм и Iэтащхьэу зэрагъэувам, - жеIэ Тырныауэ къалэм дэт гимназие №5-м и унафэщI Моллаевэ ФатIимэ. - Ар еджапIэхэм щIэхщIэкуэрыр макIуэ, Iуэхуэр зэрекIуэкIым щыгъуаэз эещI. Ди гимназием и закъуэ ар тIуэнейрэ щыIаш.

2006 гъэ лъандэрэ дэ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм, федеральнэ, щыналъэ программэхэм дыхэтщ икIи абыхэм я фIыщIэкIэ ахьышэхуэ кьыгIэрыхьэри, еджапIэр эздгъэпэщыжащ, предмет щхьэхуэхэмкIэ классхэр зэдгъэпэщащ, иджырей Iэмэпсымэхэр къэтщэхуащ. «Европэм и школ» проектым дыхэтщи, абы ипкъ иткIэ ди сабийхэр Скандинавием щыщ къэралхэм дгъакIуэурэ зэман кIэщIкIэ щедгъэджэн тхуэзфIокI. А псоми я фIыщIэкIэ, д къэралым и гимназие нэхъыфI дыдэу 100-м ящыщ дыхъащ, республикэм и еджапIэ нэхъыфI щIэр кьытфащащ. Школхэм я нэхъыбэр мис апхуэдэ гъэзэуэ тетщ.

Моллаевэ ФатIимэ кьыжьыгъэщхьхуэкI: езы егъэджакIуэхэр я Iэщ Iагъэм зэрыбгъэдыхьэ щIыкIэмэ зихъуэжащ. Иджыпсту дэтхэнэми и дэжьэкIэм хуэфащэ ахъшэ кьрату зэрыхуеежьам, и Iэщ Iагъэмрэ щIэныгъэмрэ хигъэхьэуну Iэмалхэр иI э зэрыхьуам кьыхэкIыу педагогхэр дэжьыгъэм нэхъ егупъуу бгъэдохьэ. Абы псоми я сэбэн хэтыщ, сыту жыпIэмэ а Iэнатlэр егъэфIэкIуэныжьмкIэ егъэджакIуэ лъэщым, зи Iэщ Iагъэм хуэфащэм куэд елытащ.

ЩIыналъэм гульытэщхуэ щыхуащI егъэджэныгъэм и Iэнатlэм щылажьэ псоми я щIэныгъэмрэ Iэщ Iагъэмрэ зэрыхагъахъуэр егъэфIэкIуэным. Къапштэмэ, хэхауэ къызэрагъэпэща курс щхьэхуэхэм информацэ-технологие Iуэхуэхэм щыхурагъэджащ республикэм и школ псоми я егъэджакIуэхэмрэ унафэщIхэмрэ я процент 90-м щIигъур.

Школым къыдэкIуэу

Тхьэмахуэ кIуам егъэджакIуэхэм я щыщхьэуIу зэIуцIэр, «УФ-м зэрыщрагъаджэм и Iуэхуэкlэ» законыщIэм кьару зэригъэуэтым кьыхэкIыу КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ и Iэнатlэм кьыбгъэдэхуэ къаленхэм щытепсэльыхьар, Налшык щригъэкIуэкIащ УФ-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Ливанов Дмитрий. УФ-м и министерствэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ фокIадэм и 1-м ирихьэлIэу кьару зыгъуэт хабзэ мардэщIэхэр щIыхуэр зэрыщыгугъэм хуэдэу егъэджэныгъэр кьызэгъэпэщыным зрыхуэунэтIар. Ливановым жиIащ щIыхуэр школым куэдкIэ зэрыщыгугъыр. Абыхэм я ящыщщ педагогикэм и иджырей технологиехэмрэ зыхуэфащэ тыншыпIэхэмрэ кьызэгъэпэщыныр, лъэпкъ зэгурыIуэныгъэ зэтегъэувэныр, ауэ нэхъыщхьэ дыдэр егъэджэныгъэм и фIагьирщ.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Сэмэн Пащыкъан къыгъэлIэгъуащ егъэджэныгъэм и Iэнатlэм щат улахуэр ику иту республикэм и экономикэм къыщалэжьым нэхърэ процентибгъукIэ нэхъыбэ ящыщ зэрахуэзфIэкIар.

«Российская газета-Неделя» газет, №6168, 2013 гъэм шышхэзыIу и 29-м

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

КъулыкъущIэхэри къыззэщIрагъэубыдэ

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкIэ и министр Щэт Ирмэ къыхилъхьащ республикэм и къулыкъущIапIэ Iэнатlэхэм щылажьэхэм я узыншагъэр кьапщытэну. Апхуэдэ жэрдэмыр республикэм и Правительствэм диIыгащ, мы зэманым яубзыху абыхэм медицинэ кIэлъыплъынымкIэхэр щрагъэкIуэкIыну махуэхэр. Къэрал къулыкъущIапIэм щылажьэхэм я узыншагъэр къыщапщытэнущ Медицинэмкlэ чэнджэгъ-диагностикэ центрым.

РЕСПУБЛИКЭМ и министерствэ, ведомствэ зэхуэмыдэхэм щылажьэ щIыху мин 2-м нэблагъэм УЗИ IэмэпсымэмкIэ якIалъыплъынущ, терапевт, невролог, гу, изгъэуэщI дохутырхэр кьелплъынущ, анализ зэхуэмыдэхэр ятынущ. Къэпщытэныгъэхэр зэфIэкIа иужь, дэтхэнэми узыншагъэм и паспорт кьратынущ икIи кIэлъыплъынхэм кьрикIуам ипкъ иткIэ, хуей хъумэ, адэкIэ кьелэ́эапхъэ дохутырым и деж ягъэкIуэнущ.

Фигу къэдгъакIыжьынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ щIыхуэхэм я узыншагъэр къэпщытэныжьмкIэ ирагъэкIуэкI Iуэхуэхэмкlэ япэ мазихым кьрикIуахэр щызэхэхьхьэжьым пашэ хъуа урысей хэгъуэгуи 10-м. Дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, щIыхуэхэр жьджэру а Iуэхуэм хэтщ. Абыхэм я узыншагъэр кьащапщытэ республикэм и медицинэ Iуэхуэщ Iапl эу 17-м.

2013 гъэм щIыху мини 130-м щIигъуэм я узыншагъэр кьапщытэну кьапэщытщ, абы щыщу балигъ мин 66-м дохутырхэр зрагъэплъакIэщ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ дохутыр зыкIэльитэпльыну дэтхэнэри хуитщ. Абы папщIэ и паспортымрэ медицинэм и Iыгъыу зэригъэщ щыпIэм и поликлиникэм екIуэлIэн хуейуэ аращ.

● Узыншагъэ

Iэмал нэхъыбэ къарет

УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ Iэ зытрадза зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, федеральнэ бюджетым къыхэкIыжьыкIэ зэман гъунэгъум къащэхунущ къалъхуагъащIэхэм я узыншагъэр кьызэрапщытэ Iэмэпсымэу сом 4.420,300-рэ и уасэ.

РАЙОН сымаджэщхэмрэ сабий поликлиникэхэмрэ я Iэнущ сабий щIынэм и тхъэкIумэм зэрызэхихыр кьызэрапщытэ Iэмэпсымэхэр. Апхуэдэ кьэпщытэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыну икIи зыхуей дэIэпыкъуныгъэхэр хуащIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым япэ дыдэу щыщIадзар 2009 гъэрщ. А Iуэхуэр ирахьэжьащ «Узыншагъэ» лъэпкъ проектым хэту «Урысейм и сабийхэр» президент программэмкIэ. Нобэ Республикэ клиникэ сымаджэщым Iэпэтэрэмэш псалъэкIэм щыхуагъасэ, тхъэкIумэм фIыуэ зэхихыным щIэзэ и къудамэм йокIуалIэ сабий 532-рэ. Ильэс къэс республикэм дунейм кьыщытохьэ зи тхъэкIумэм фIыуэ зэхимых сабийуэ 14-м я нэблагъэ. ИрагъэкIуэкIа кьэпщытэныгъэхэм кьызэрагъэльагъуэмкIэ, кьалъхуагъащIэ сабий мниым щыщу зым и тхъэкIумэм зэхихыкъым. Апхуэдэу сабийхэм я япэ илъэсым кьапкърыхьэ узыдэ зэхуэмыдэхэм кьыхэкIыу я тхъэкIумэм фIыуэ зэхимыхьжу кьыщыхъуи щыIэщ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм сабийхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ етынкIэ кьызэгъэпэщынымкIэ и къудамэм и унафэщI Щодзэн Юлэ зэрыжиIэмкIэ, цIыкIуэхэм я тхъэкIумэм фIыуэ зэрызэхимыхьар пасэу кьахутэмэ, абы Iэмал кьует и чэзум абы зыхуей дэIэпыкъуныгъэ ирату езым хуэдэхэм зыкIи кьакIэрымыхуу жьлагъуэм хэтынымкIэ. Абы и лъэныкъуэкIэ Iэмэпсымэщ Iэхэр хэкIыпIэфIщ, абыхэм я фIыгъэкIэ и чэзум кьапщытэ нысэкIэ зэрыгъэхъ хуитщ. Абы щыгъуэ икIи Iэмал зэрелъэсэным иужь итынущ.

ЩОМАХУЭ *Лилие.*

● Бахъсэн щIыналъэ

Хэкупсэхэр ягъасэ

Кьыщпэк кьуажэм и ветеранэм я зэгухьэныгъэм кьызэщIеуфыдэ цIыху 68-рэ. Абыхэм ящыщу Хжу зауэшхуэм и мафIэм пхыкIар Елыхьэу Шупагуэ и закъуэщ. А лъэхъэнэм и ихъэабгъ псори игъэващ кьаралым и хуитыныгъэм зи псэр щIэзыта офицерым и фызабэ Нартыжь Нуржани. А нэхъыжьхэфIхэри зэгуихьэныгъэм хэт адрейхэри быдэу япыщIаеу ядолажьэ кьуажэ унафэщIхэм, щIалэгъуалэм.

«КЪЫДГУРОIУЭ, нобэрей ди щIалэгъуалэр зэхъусэпэукI зэманыр нэгъуэщIщ, дэ зыхэдмышыкI Iуэхуэгъэ куэд пыщIащ абы, итIани, гъащIэм кьыщызэдэнэкIа гъэунэхуныгъэхэм дызыхуащIыхьэмкIэ абыхэм дадэгуэшэн хуейщ», - жиIащ ветеранэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Бэч Нурбий.

Щэлбэр хэкупсэу гъэсэн Iэхэм Iэмал зэмылIэужьыкIэ уфгъэзыхьэ уфгъэщIыкIыну. Абыхэм гъэсэныгъэущиныгъэ мыхьэнэ зиIэ зэIуцIэхэр ядгъэзыкIэжьыным кьыщымынэу, кьуажэм кьыщрахьэжьэ сыт хуэдэ Iуэхугъуэми нэхъыжьхэм я псалъэ халъхьагъэщ.

«Нэхъыжьхэм я псэм и къулеягъэмрэ кьыщалъхуа кьуажэм хуаIэ лъагъуныгъэмрэ щIэблэм я дежкIэ щапхъэщ. А нэхъыжьхэфIхэр гъащIэм кьыхаха акьылымкIэ, Iущыгъэмкlэ кьыдэгъуашэу кьытхэтыныр ди дежкIэ сэбэпышхуэщ», - жиIащ кьуажэ администрацэм и унафэщI Бэч Алик.

Зэгухьэныгъэм хэтхэм кьызэрыхагъэщIымкIэ, кьыщпэдэс ныбжьыщIэхэм уигу зэрыгъабгъэ куэд яхэткъым. НэхъыжьыфI здэщыIэм нэхъыщIэфIи зэрыщыIэнум шэч хэлъкъым.

АЛОКЪУЭ *Аринэ.*

● Сурэт зэпеуэ

«Си сабийр шэнтжьейм исщ!»

КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и жэрдэмкIэ «Си сабийр автошэнтжьейм исщ!» республикэпсо сурэт зэпеуэ фокIадэм и 1 - 15-м екIуэкIынущ, машинэм ирагъэтIысхьэ сабийм и щыналъэныгъэм теухуауэ». Ар къыщIыхьэрагъэпэщар адэанэм мыр гурагъэIуэн папщIэщ: щэнтжьейм имыпхуэу машинэкIэ сабийр къеплъыкIыныр щыпсынущ.

Зэпеуэм къигъэувэхэр кьызэрыгуэкIщ: гъэуэм зэрыщызекIуэ хабзэм ретемэ, сабийр «зыIыгъ» щэнтжьейр кьэбгъэсэбэпмэ, абы сурэт тех. фокIадэм и 15 щIондэ сурэтхэр евгъэхъ хьунущ 07 gibdd@mail.ru. электрон почтым е жып телефоным и WhatsApp гуэдзэным и 8-918-725-07-11 телефонымкIэ, апхуэдэуи Налшык къалэ, 2-нэ Промпроезд, 18 хэщIапIэм.

Зэпеуэм щытекIуакэр фокIадэм и 20-м сыхьэт 15-м КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и хэщIапIэм дежь щагъэлъэпIэнущ. ТекIуахэм я сурэтхэр кьызытещ бжагъэр ягъэхьхьэзырыну я мурадщ.

ЕХЛАКОВЭ Ириндж.

● КъБР-м и Пенсэ фондым

Ильэс 19-м тращIыхь

Пенсэм и ззэыгъэуIу Iыхьэр Iэнатlэ зытхэм я страховой взносхэм, а Iуэхуэр зэпыгъэкIуэныжьмкIэ къэрал программэм хэтхэм, апхуэдэу анэ (унагъуэ) мылъкум и хъэдхъэIэ къызэрагъэпэщ.

НЭГЪАБЭ жэпуэгъуэм и 1 лъандэрэ, щыIэ хабзэм тету, зи етыгъуэ щIыкIэу я пенсэ гъэтIылъыгъэхэм щыщ хуэхьэ. Абы хохьэ зи етыгъуэ ахъшэр, зыхуэпIащIэ пенсэр, жьыгъэкIэ хуагъэува лэжьыгъэ пенсэм и ззэыгъэуIу Iыхьэр.

Пенсэ гъэтIылъыгъэхэм щыщ хуэхьэ жьыгъэкIэ лажьыгъэ пенсэ зыхуагъэувыж хуейуэ (пенсионеру) Пенсэ фондым щIэ счет хэхам зи ахъшэ хэлъхэм.

ЦIыхуэм жьыгъэкIэ хуагъэува лэжьыгъэ пенсэм и ззэыгъэуIу Iыхьэр процентти 5 хьумэ, ауэ зэхэту кьабж лэжьыгъэ пенсэм нэхъри нэхъ мащIэмэ, апхуэдэхэм зэ етыгъуэ щIыкIэу ахъшэ хухах.

Пенсэ гъэтIылъыгъэхэм щыщ кьыIахьэм папщIэ, мы гъэм щIышлэм и 1 лъандэрэ республикэм и Пенсэ фондым щIыху 4742-м зыхуагъэзэти, ахъшэр зратынухэр ягъэбелджылащ. Ахэр 3943-рэ хъурти, нобэ ирихьэлIэу пенсионер 3241-м дэтхэнэми ику иту сом 6093,03-рэ хуахащ.

ЗыхуэпIащIэ пенсэр кьыIахьэну хуитщ пенсэ Iуэхур зэкIэлъыгъэкIуэныжьмкIэ къэрал программэхэм хэтхэм, анэ (унагъуэ) мылъкум и сертификат зиIэу я кьэкIуэну пенсэм ахъшэ хэзылъхьахэм. Нэхъ пасэу хухах пенсэр илъэси 10 мынэхъ мащIэм тещIыхьащ. А Iэмалыр республикэм щыщу щыIэн 6-м и къагъэсэбэп.

ЖьыгъэкIэ ятI лажьыгъэ пенсэм и ззэыгъэуIу Iыхьэр ар къыIахьэнкIэ зэрыхъуну пIалъэр зыхуэдизым, илъэс 19-м тещIыхьауэ ягъуэ. А Iэмалыр щыху 13-м къыхахащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Пенсэ фондым и къулыкъущIэхэм я Iэщ IагъэлIэкIэм фыщыпсэу щIыпIэхэм фи упщIэхэм жэуап щратынущ. Апхуэдэу 2013 гъэм (88662) 42-00-29, 42-00-30 телефонхэмкIэ фыпсалъэ. 8-800-200-09-77 номерыр Урысейм и щIыналъэм щыпщIэнщэщ.

УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

● Прохладнэ щIыналъэ

Жэрдэм зыхэлъхэр

Прохладнэ къалэм щыIэ унэ-интернатым щIалэгъуалэ гуп щолажьэ. «Урысей зэкъуэт» партым и жэрдэмэкIэ дзыныгъэ а щIалэхэмрэ пщащхэмрэ бжыхьхэм нежьащ Iуэху гуапэхэмкIэ.

НЫБЖЬЫщIэХЭМ интернатым и пщIантIэрэзыхуэ хуагъэзащ: лэч зэмыфэгъуэхэмкIэ ялащ къыриIэ, тетIыхьэпIэ текIыжьащ. Сабийхэр щIагуфIыкIащ пщIантIэр кьызэрагъэщIэрэщIам.

ЧЕРНЫШЕВ Денис.

НэхъыфIэр кьыщыхахыну «Кавказ джэгуэхэр» спорт фестивалым и республикэ зэпеуэхэр Гагарин Юрий и цIэр зэрихьэу Тэрч къалэ дэт стадионым махуитIкIэ щекIуэкIынущ.

НОБЭ футбол цIыкIумкIэ зэпеуэнущ. Щэбэтым, фокIадэм и 7-м армспорт, кIапсэ зэпекьу, бгырыпхэ бэнэжькIэ, кIапсэкIэ дэпщеин, хьэлъэ гъэIэпэхьуэн, хьэлъэ кьэлэтыин, кьяру трюеборье, шабзэжкIэ уэн, башкIэ зекIуэн, дзлъеин двоеборье лъэпкъ спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ зэхьэзэхуэ гуащIэхэр екIуэкIынущ.

Тэрч куей администрацэм и унафэщI Пэнагуэ Максим я щIыналъэм щекIуэкIыну «Кавказ джэгуэхэр» республикэ зэпеуэм зэрыхуэхьэзырым теухуауэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм щыжаIащ стадионыр абы сыткIи зэрыхуэхьэзырыр. Хуей хьумэ, медицинэ IуэхутхьэкIэхэр хуащIэнущ, концертти екIуэкIынущ. КIэщIу жьыпIэмэ, фестивалыр гукъинэжь хъуным теухуауэ районым и Iуэхущ Iапl э куэдым яхуэзэфIэкI ящIэнущ.

КIУАНТIЭ *Замирэ.*

● Джылахьстэней

Тэрчдэсхэм къыщIадзэ

● Май щIыналъэ

Хьэрычэтыщ Iэхэм я деж

«Къалэ цIыкIум хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэр зэрыщыгъэувар. ЩIыналъэхэм я гъэтIылъыгъэхэр» зэIуцIэр Май районым щекIуэкIащ.

АБы хэтащ хьэрычэтыщIэхэм я хуитныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэ, «Iуэху зезыхьэ Урысей» жьлагъуэ зегухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI Пархоменкэ Юлие, районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Поленкэ Ольгэ, «Урысей зэкъуэт» партым и щIыпIэ къудамэм и пашэ Гусевэ Татьянэ, Узыншагъэр хъумэнымкIэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, Щэнхабзэмкlэ, Транспортымкlэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ министерствэхэм я лIыкIуэхэр, кьалэмрэ къуажэхэмрэ я администрацэхэм ящыщхэр, районым и хьэрычэтыщIэхэр.

Къызэхуэсахэр тепсэльыхьащ щIалэгъуалэм хьэрычэт лэжьыгъэм и гъуэгур къахуэзIуэхи, фермер ныбжьыщIэхэм здэIэпыкъун, унагъуэ Iэщ фермэхэм зегъэужьын я лъэныкъуэкIэ зэфIагъэкIын хуейхэм, апхуэдэу мэл гъэхъуным, хадэхэкI щIэныкэ Ольгэ, «Урысей зэкъуэт» партым и щIыпIэ къудамэм и гъэзэщIакIуэ комитетым и пашэ Гусевэ Татьянэ, Узыншагъэр хъумэнымкIэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, Щэнхабзэмкlэ, Транспортымкlэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ министерствэхэм я лIыкIуэхэр, кьалэмрэ къуажэхэмрэ я администрацэхэм ящыщхэр, районым и хьэрычэтыщIэхэр.

Къызэхуэсахэр тепсэльыхьащ щIалэгъуалэм хьэрычэт лэжьыгъэм и гъуэгур къахуэзIуэхи, фермер ныбжьыщIэхэм здэIэпыкъун, унагъуэ Iэщ фермэхэм зегъэужьын я лъэныкъуэкIэ зэфIагъэкIын хуейхэм, апхуэдэу мэл гъэхъуным, хадэхэкI щIэныкэ Ольгэ, «Урысей зэкъуэт» партым и щIыпIэ къудамэм и пашэ Гусевэ Татьянэ, Узыншагъэр хъумэнымкIэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, Щэнхабзэмкlэ, Транспортымкlэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ министерствэхэм я лIыкIуэхэр, кьалэмрэ къуажэхэмрэ я администрацэхэм ящыщхэр, районым и хьэрычэтыщIэхэр.

А щIэпхъаджагъэм хэкIуэдахэм я нэхъыбэр сабийт.

Террорым хэкIуэдахэм дакъикъкIэ я яхуэщIыгъуащ пэкIум кьрихьэлIахэр, щэхуэ уэздыгъэхэри пагъэнащ. ПэкIум хэтащ школакIуэхэр, куейм и щIалэгъуалэр. Зэхьэхьэм кьрихьэлIащ районым и щIыпIэ самоуправленэм и лэжьакIуэхэр, ветеранхэм я советым хэтхэр, дин лэжьакIуэхэр.

Фэеплъ зэIущIэхэр щекIуэкIащ Май щIыналъэм и дэтхэнэ кьуажэми.

ЮРЧЕНКЭ *Наталье.*

Залымыгъэм и бийуэ

Май муниципалыбэ районым Терроризмэм пэщIэтыным и махуэм теухуа фэеплъ пэкIу щекIуэкIащ. Ар теухуат 2004 гъэм фокIадэм и пэ махуэхэм Бесслъэн къалэ къыщыхъуа гуэвэгъуэм.